

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Kacamatan Cimalaka salasihiji kacamatan di Kabupatén Sumedang anu miboga kasang tukang sajarahna nu dirojong ku alam jeung pangeusina. Kacamatan Cimalaka miboga 14 désa 56 kampung. Anu kampanggih aya carita asal-muasal ngaran kampungna aya 29 kampung. Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal nya éta tina hasil panalungtikan ngeunaan ngaran tempat ngabuktikeun yén cara masarakat méré ngaran tempat lolobana kapangaruhan ku aspék fisik.

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi dina bab IV, asal-muasal ngaran tempat nu aya di Kacamatan Cimalaka Kabupatén Sumedang umumna bisa dicindekeun saperti ieu di handap:

1. Pola méré ngaran tempat di Kacamatan Cimalaka Kabupatén Sumedang umumna dicokot tina carita rakyat anu aya dimasarakat. Sacara umum tina hiji carita rakyat ngaruntuykeun sababaraha ngaran tempat.
2. Ngaran tempat anu geus ditalungtik, dikelompokeun jadi dua aspék, nya éta aspék fisik jeung aspék non fisik. Aya 29 (72%) ngaran tempat anu kapangaruhan aspék fisik, kalawan kabagi kana tilu unsur nya éta: 15 ngaran tempat anu ka asup unsur hidrologis, 7 ngaran tempat anu ka asup unsur géomorfologis, jeung 7 ngaran tempat anu ka asup unsur biologis. Aya 11 (28%) ngaran tempat anu kapangaruhan aspék non fisik, kalawan kabagi kana dua unsur nya éta: 6 ngaran tempat anu kapangaruhan ku unsur sosial, sarta 5 ngaran tempat anu kapangaruhan ku unsur kultural. Aya ogé sababaraha ngaran kampung anu ka asup kana dua aspék sabada ngelompokeun dina hasil panalungtikan.
3. Ieu hasil panalungtikan aya salapan carita anu bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran di kelas VII SMP, utamana anu patali jeung pangajaran dongéng.

## 5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan ngeunaan asal-muasal ngaran tempat di Kacamatan Cimalaka nya éta pikeun bahan ajar matéri dongéng di kelas VII SMP. Salian dijadikeun bahan ajar dongéng, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré informasi jeung panagaweruh ka masarakat Kacamatan Cimalaka hususna, ogé umumna ka sakabéh pihak saperti, masarakat luareun daérah Kacamatan Cimalaka, jeung lembaga-lembaga formal atawa non formal.

## 5.3 Rekomendasi

Saréngséna ieu panalungtikan, aya sawatara rékomendasi di antarana:

1. Pikeun panalungtik, dina ieu panalungtikan nu medar ngeunaan asal-muasal ngaran patempatan di hiji kacamatan, nya éta di Kacamatan Cimalaka Kabupatén Sumedang. Ku kituna kudu aya panalungtikan nu leuwih jembar ngeunaan toponimi di Kabupatén Sumedang.
2. Pikeun pamaréntah di Kabupatén Sumedang kudu ngajaga ciri has anu patali jeung sajarah ngajanggélékna di daérah séwang-séwangna.
3. Pikeun intansi pamréntah kudu boga data-data administrasi nu lengkep dumasar kana ruang lingkup séwang-séwangna.
4. Pikeun masarakat utamana para sesepuh supaya nurunkeun deui carita ngaran kampungna, supaya generasi satuluyna henteu pareumeun obor. Salian ti éta, supaya ka hareupna moal aya deui anu leungiteun tapak dina nanyakeun atawa nalungtik ngaran-ngaran tempat.